दिन–गुरूवार दिनांक–13.03.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————

होली के उत्सव पूरा हर्षोल्लास सँ मनाओल जा रहल अछि। आइ होलीका दहन अछि। भद्रा समाप्ति भेला बाद आइ राति दस बाजि कऽ सैंतीस मीनट के बाद होलीका दहन कयल जायत। ज्योतिष शास्त्रक हिसाबे एहि बेर फागुन पुर्णिमा आइ भोर दस बाजि कऽ दू मीनट सँ शुरू भेल जे कि काल्हि भोरे एगारह बाजि कऽ एगारह मीनट धरि रहत। एहि कारणे होलीका दहन आइ राति मनाओल जायत। फागुन शुक्ल पूर्णिमा दू दिन भेला सँ होलीका दहन के एक दिन बाद होली मनाओल जायत। एम्हर होली के लऽकऽ पूरा प्रदेश मे चौकसी राखल जा रहल अछि। संवेदनशील जगह सभ पर निगरानी बढ़ा देल गेल अछि। अस्पताल आओर अग्निशमन विभाग के सेहो अलर्ट रहबाक निर्देश देल गेल अछि। होली पर विधि–व्यवस्था सुचारू रूपें बनल रहबाक लेल मुख्य सचिव अमृत लाल मीणा सभ जिलाधिकारी सभ के पुलिस अधीक्षक आओर वरिष्ठ अधिकारी सभ के सुरक्षा–व्यवस्था सख्त रखबाक निर्देश देलनि अछि। एकरा संग अश्लील गीत सभ पर सेहो प्रतिबंध लगाओल गेल आओर सोशल मीडिया सभ पर कड़गर नजरि रखबाक निर्देश अछि। सामाजिक सौहार्द्र बिगाड़बाक कोशिश करयबला पर सख्त कर्रावाई करबाक निर्देश अछि।

———————————————

राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्पाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव आओर विधान परिषद के सभापति अवधेश नरायण सिंह होलीक शुभ अवसर पर समस्त देशवासी के शुभाकामना देलनि।

———————————————

होली के अवसर पर यात्री सभक भीड़ के देखैत रेलवे द्वारा कतेको स्पेशल ट्रेन के परिचालन कयल जा रहल अछि। पूर्व–मध्य रेलवे के मुख्य जनसंपर्क अधिकारी

सरस्वतीचंद्र जनौलनि अछि जे विशाखापट्टनम्–पटना के बीच तीन जोड़ी विशेष ट्रेन चलाओल जायत। ओतहि, नव दिल्ली सँ कटिहार आ कामख्या, आनंद बिहार– जोगबनी, ग्वालियर–पूरी, बरौनी–उधना स्पेशल, मुजफ्फरपुर–हुब्बल्लि, पटना–वास्कोडिगामा आओर दानापुर–मैसुरक बीच सेहो अलग–अलग तारीख सभ पर विशेष ट्रेन के परिचालन कयल जायत। रेल परिचालन सँ जुड़ि कऽ कोनो प्रकार के जानकारी रेलवे हल्पलाईन नंबर– एक सय उनचालीस डायल कऽ अथवा नेशनल ट्रेन इंक्वायरी सिस्टम वेब पोर्टल या मोबाईल एप सँ प्राप्त कयल जा सकैत अछि।

———————————————

बिहार राज्य प्रदुषण नियंत्रण पर्षद द्वारा होलिका दहन के अवसर पर दहन सामग्री मे प्रदुषणकारी पदार्थक उपयोग नहि करबाक सलाह जारी कयल गेल। लोक सभ सँ पर्षद द्वारा अपील कयल गेल अछि जे टायर, रबर, मोबिल, प्लास्टिक आदि के समान नहि जराओल जाय।

———————————————

पुलिस महानिदेशक विनय कुमार जनौलनि जे असमाजिक तत्व सभ पर विशेष नजरि राखल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे होली आओर जुम्मा के नमाज के देखैत विशेष ध्यान राखल जा रहल अछि।

———————————————

प्रदेश के अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे लगातार बढ़ोतरिक सिलसिला जारी अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जानकारीक अनुसार अधिकतम तापमान अठाईस डिग्री सेल्सियस सँ छत्तीस डिग्री सेल्सियस के बीच पहुँचि गेल अछि। ओतहि, न्यूनतम तापमान मे सेहो एक सँ दू डिग्री सेल्सियस के बढ़ोतरि दर्ज कयल गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत छत्तीस दशमवल दू डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग खगड़िया राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमानक अनुसार अगिला बहत्तरि घंटाक दौरान अधिकतम तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरिक बढ़ोतरिक संभावना अछि।

———————————————

अररिया जिला के फुलकाहा थाना मे तैनात एक टा दारोगा राजीव रंजन मल कँ शराब तस्करीक खिलाफ छापामारीक दौरान संदेहास्पद स्थिति मे मृत्यु भऽ गेलनि। ओ मुंगेर जिलाक वासी छलाह। एहि मामिला के जांचक लेल एस.पी अंजनी कुमार जनौलनि जे फारबीसगंज एसडीपीओ मुकेश कुमार साहा के नेतृत्व मे एक एक टा एसआईटी के गठन कयल गेल अछि। ओतहि मामिला मे अठारह नामजद आओर बीस अज्ञात के खिलाफ फ ुलकाहा थाना मे एफआईआर दर्ज कयल गेल अछि। एहि मामिला मे पुलिस छओ गोटे के गिरफ्तार कयलनि अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना एयरपोर्ट टर्मिनल के निरीक्षण कयलनि। निरीक्षण के क्रम मे अधिकारी सभ के निर्देश देलनि जे जल्द सँ जल्द कार्य के पूरा कयल जाय।

———————————————————————

समाप्त